



Pou Piblikasyon Imedya: 07/07/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE TIKÈ ADMISYON AK KOUAPON PAKIN POU GRAN FWA ETA NOUYÒK 2025 LA DISPONIB POU VANN JODI 7 JIYÈ A

Gran Fwa Eta Nouyòk la ap kòmanse mèkredi 20 out jiska fèt travay la, 1e septanm

Gran Fwa Eta Nouyòk la ofri Nouyòkè yo yon fason abòdab ki favorab pou fanmi yo dekonekte epi soti deyò ete sa a

Kat chak jou yo disponib epi opsyon Frequent Fairgoer a retounen pou gwo fanatik fwa yo

Navèt dirèk Park-N-Ride Centro yo soti nan Transit Hub Anba Lavil la, Long Branch Park, ak Destiny USA ap retounen nan Fwa a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke kat admisyon ak pakin pou Gran Fwa Eta Nouyòk 2025 la disponib pou vann jodi a. Chaje ak valè, yon tikè admisyon pou yon sèl moun koute 8 dola epi li gen ladan aksè a tout amizman sou teren an ak Seri Mizik Chevrolet a, pandan ke pakin lan koute 12 dola. Anplis de sa, yon opsyon tikè Frequent Fairgoer (Moun ki ale nan Fwa Souvan) disponib pou 25 dola. Antre a rete gratis pou moun ki gen 65 an oswa plis ansanm ak timoun ki gen 12 zan oswa mwens, pou kontinye asire ke Fwa a se youn nan fwa ki pi abòdab nan peyi a, ki bay yon espas aksesib pou tout fanmi an dekonekte epi soti deyò.

Pou gwo fanatik ki gen plan pou yo nan Fwa a pou omwen kat jou sou 13 jou li yo, opsyon Frequent Fairgoer a pèmèt moun ki gen tikè a antre nan Fwa a yon fwa pa jou, chak jou pandan Fwa a. Yon tikè Frequent Fairgoer pa ka transfere epi li disponib sèlman sou entènèt.

"Gran Fwa Eta Nouyòk la se yon tradisyon ke yo onore depi lontan e li se yon pote mitan nan ete nou yo isit la nan Eta Nouyòk", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Moun pa ta dwe oblije depanse anpil lajan pou yo pran plezi. Apati jounen jodi a, tikè pou evènman abòdab sa a ki fèt pou tout fanmi an disponib pou vann. Nouyòkè yo – pran tikè nou yo jodi a epi n ap wè nou nan Fwa a ete sa a!"

Komisè Agrikilti Eta Nouyòk la, Richard A. Ball, te deklare, "Ete vle di yon sèl bagay - se moman pou Gran Fwa Eta Nouyòk la! Mwen ankouraje tout moun pou yo pran tikè yo kounye a epi kòmanse planifye vwayaj yo pou yo aprann sou agrikilti Nouyòk, goute kèk manje bon gou, al wè kèk kokenn chenn amizman, ak anpil lòt bagay ankò."

Direktris Fwa Eta Nouyòk la, Julie LaFave, te deklare, "Gran Fwa Eta Nouyòk 2025 la ap fèt nan sèlman 43 jou, kidonk kounye a se moman pou moun ki pral nan fwa a kòmanse planifye yon jounen (oswa 13!) plezi ete inoubliyab. Soti nan bèt, rive nan plizyè santèn atraksyon komèsyal, yon pakèt manèj enteresan nan mitan wout la, ak plizyè douzèn animatè gwo non, Fwa a gen yon bagay an rezèv pou tout fanmi an ak anpil bèl souveni y ap tann pou yo kreye. Nou ankouraje moun ki ale nan fwa a pou yo pran tikè yo ak aranjman pakin yo anvan yo rive nan teren an. Avèk prèske 100,000 moun toupre Lakou Fwa a chak jou, achte davans ede kenbe liy yo nan nivo minimòm epi asire ke vizitè yo pase nan baryè yo pi vit posib pou yo ka jwi tout plezi ke Fwa a gen pou l ofri! Soti nan Fwa Fanmi nou an rive nan fanmi pa ou la – nou pa ka tann pou nou wè ou byento!"

Admisyon jis la gen ladan l posiblité pou gade plizyè douzèn atis nasyonal nan Seri Mizik Chevrolet a, tankou ganyan Grammy, atis Rock and Roll Hall of Fame, ak anpil lòt ankò. Pral gen yon konsè chak jou a 1:00 p.m. ak 6:00 p.m. nan **Chevy Court** (ki sitiye toupre Gate 1) avèk yon lòt spektak a 9:00 p.m. vandredi swa, epitou yon konsè chak jou a 8:00 p.m. nan **Suburban Park** (ki sitiye nan ekstremitè lwès Fwa a, odela Midway la).

Mizajou konsè yo disponib sou sit entènèt Fwa a nan paj ki dedye a [Chevy Court](#) ak [Suburban Park](#).

KIJAN POU ACHE TIKÈ AK PAKIN POU GRAN FWA ETA NOUYÒK LA

Gen twa fason pou achte tikè admisyon ak/oswa pakin: sou entènèt, nan telefòn, epi an pèsòn soti 20 out rive 1e septanm.

- **Sou Entènèt:** Lyen pou achte tikè admisyon ak pakin nan ap disponib a **9:00 a.m. lendi 7 jiyè** a sou [sitwèb Gran Fwa Eta Nouyòk la](#).
- **Nan telefòn:** Apati 7 jiyè, ou ka achte tikè ak pakin tou nan telefòn nan rele Etix gratis nan 1-800-514-3849 soti 9:00 a.m. rive 8:00 p.m. lendi jiska samdi, epi soti 12:00 p.m. rive 8:00 p.m. nan dimanch.
- **Nan pòtay la:** Apati mèkredi 20 out, kyòs ki sitiye nan tout pòtay yo ap disponib pou achte tikè elektwonik. Pou minimize tan datant nan kyòs yo, pral gen gwo pankat ak kòd QR nan tout antre ak nan pakin yo pou moun ki vizite fwa a ka itilize telefòn entelijan yo pou achte tikè.

Avèk frè yo ladan, **pri total** pou moun ki ale nan fwa a ap:

- **Admisyon:** 8.32 dola pa tikè (8 dola antre, frè tikè 14 santim, frè pwosesis kat kredi 18 santim)
- **Frequent Fairgoer (Moun ki ale Souvan nan Fwa):** 25.70 dola (25 dola kat Frequent Fairgoer, frè tikè 14 santim, frè pwosesis kat kredi 56 santim; sonje ke kat Frequent Fairgoer yo disponib sèlman sou entènèt)

- **Pakin:** 12.41 dola pa machin (12 dola pakin, frè tikè 14 santim, frè pwosesis kat kredi 27 santim)

Lè chofè yo rive nan Fwa a, yo dwe montre tikè pakin yo bay ajan pakin yo elektwonikman sou telefòn yo oubyen nan yon kopi enprime. Tanpri sonje ane sa a ankò, **EZPass Plus pa disponib** pou pakin. Ou ka achte kst pakin ak yon kat kredi nan pakin yo. Tanpri sonje ke yo pa aksepte lajan kach.

P ap gen vant lajan kach nan pòtay antre Fwa a oswa nan pakin yo. Pral gen machin ki ka konvèti lajan kach an kat itil nan Pòtay Prensipal Fwa a pou moun ki pote lajan kach nan fwa a.

ORÈ OPERASYON YO

Gran Fwa Eta Nouyòk la ouvri mèkredi 20 out epi l ap kontinye jiska jounen travay la 1 septanm. Orè operasyon fwa a soti 9:00 a.m. rive 11:00 p.m. chak jou, eksepte pou Fèt Travay la, lè fwa ap fèmen a 9:00 p.m. Pòtay yo ouvri pou piblik la a 9:00 a.m. epi fèmen a 9:00 p.m. chak jou eksepte pou Fèt Travay la, lendi 4 septanm [sic], lè yo p ap pèmèt moun antre apre 8:00 p.m.

Orè Pakin yo: Pakin Oranj la ouvri a 9:00 a.m. chak jou, pakin Mawon ak Woz yo ouvri chak jou a 6:00 a.m., epi pakin Gri yo ouvri chak jou a 8:30 a.m. Pakin Willis Ave an ouvri a 10:00 a.m., men li pral aksesib sèlman vandredi, samdi, dimanch ak Fèt Travay la.

Tramway: Pou konfò moun k ap vizite fwa a, tramway yo ap sikile san rete sou teren fwa a, y ap kanpe nan 10 arè chak jou soti 9:00 a.m. rive 10:00 p.m.*. Anplis de sa a, yon **navèt ADA dedye** sikile ant pakin aksesib Gri a, ki sitiye deyò pòtay 10 la, ak Arè Tramway #3 nan antre dèyè bilding otikilti a soti 9:00 a.m. rive 11:00 p.m.* chak jou.
*Nòt, lendi 1e septanm nan, tramway yo ap sispann mache yon èdtan pi bonè.

SÈVIS NAVÈT DIRÈK PARK-N-RIDE CENTRO A KI PRALE AK SOTI NAN FWA A

Sèvis navèt dirèk Park-N-Ride Centro a ap bay pasaje yo transpò soti nan Anba Lavil Centro Transit Hub, Long Branch Park, ak Destiny USA pou ale ak pou soti nan Fwa a, avèk pwen pou depoze ak pase chèche pasaje yo agoch Pòtay Prensipal la. Pou moute navèt la pou yon sèl ale, frè a se 1 dola pou adilt, ak 50 santim pou granmoun aje, timoun ki gen ant sis ak nèf an, ak moun ki andikape. Dènye navèt la kite fwa a chak jou a 11:15 p.m. Navèt yo ap fonksyone sou yon orè limite apre 9:00 p.m. nan dat 1e septanm nan paske fwa a ap fèmen pi bonè nan jou sa a.

WADE SHOWS MIDWAY: TIKÈ YO AP AN VANT BYENTO

Tikè davans pou Midway nan Fwa a pi popilè a, ki opere pa Wade Shows, pral disponib pou vann nan semèn k ap vini yo. Rete okouran de medya sosyal ak sit entènèt Fwa a pou w ka pami premye moun ki konnen ki lè tikè sa yo disponib pou achte.

KÈK ENFÒMASYON SOU GRAN FWA ETA NOUYÒK LA

Fonde an 1841, Gran Fwa Eta Nouyòk la mete an valè sa ki pi bon nan agrikilti Nouyòk la, ofri bon jan kalite divètisman, epi li se yon eleman enpòtan nan kad estrateji [CNY Rising](#) eta a pou devlope ekonomi rejyon Nouyòk Santral la gras a touris. Li se pi ansyen fwa nan Etazini epi yo toujou rekonèt li kòm youn nan senk premye fwa eta nan nasyon an.

Kote yo fè Gran Fwa Eta Nouyòk la se yon konplèks pou espektak ak ekspozisyon ki mezire 152 ekta epi ki fonksyone pandan tout ane a. Yo ankouraje odyans yo pou yo aprann plis sou Gran Fwa Eta Nouyòk la sou entènèt, navige foto yo sou [Flickr](#), epi swiv amizman sou [Facebook](#), X (anvan li te rele [Twitter](#)), ak [Instagram](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)